

Se fotograf Harper Bella ki kreye Pwojè Flè pou Lonè

Pwojè sa ap komemore travayè esansyèl ki te pèmèt kominote yo pwospere pandan kriz COVID-19 la, epi ki te kontinye sèvi kòm pilye nan kominote yo a. Non "Flè pou Lonè" a se yon non ki soti nan pi gwo rekonpans epi ki pi prestijye gouvènman ameriken an bay militè yo, ki se "Meday pou Lonè."

Se fotograf Harper Bella ki reyalize l nan objektif pou mete an limyè enpak sou inegalite yo, seri foto sa yo gen ladan l imaj li pran sanzatann kote l ap ekspriye yon don atravè fèy atifisyèl ki gen koulè lò, yon senbòl lespwa ak rekonesans pou onore tout moun pandan yo vivan.

Done yo montre anpil travayè esansyèl se moun ki pa blan. Fas ak danje, tankou lè pandemi COVID-19 la, moun sa yo pèsiste. Se travayè kote mwayen pou viv ak fanmi yo depann sou salè yo resevwa a, epi sèvis y ap ofri se eleman ki enpòtan anpil pou sosyete nou an.

Enstalasyon Foto nan Mi Wyandanch a prezante travayè esansyèl nan kominote Wyandanch espesyalman.

Pwojè sa a rive fèt gras ak yon sibvansyon Vil Babylon LDCII atravè pwojè "Babylon Together", ak sipò Vil Babylon ansanm ak fon ki soti nan Pwogram Kominotè nan Nivo Eta a atravè Konsèy Eta New York pou Atizay, Konsèy Atizay nan Huntington ap administre.

